

Lwa lokal 12 Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) Rapò pwogrè 2024-2025 sou aksè pou chèn woulant

Kontni

Jeneral.....	2
Plan aksesiblite ak rapò pwogrè.....	2
Deklarasyon angajman.....	2
Fasilitatè sèvis andikap ak lòt enfòmasyon enpòtan sou aksè pou chèn woulant.....	3
Pwosesis pou fè kòmantè.....	3
Aksè fizik.....	3
<i>Pwogrè depi avril 2024</i>	3
<i>Objektif pou rive me 2026</i>	4
Aksè dijital.....	4
<i>Pwogrè depi avril 2024</i>	4
<i>Objektif pou rive me 2026</i>	5
Aksè pwogramasyon.....	5
<i>Pwogrè depi avril 2024</i>	5
<i>Objektif pou rive me 2026</i>	7
Kominikasyon efikas.....	7
<i>Pwogrè depi avril 2024</i>	7
<i>Objektif pou rive me 2026</i>	8
Enklizyon nan plas travay.....	8
<i>Pwogrè depi avril 2024</i>	8
<i>Objektif pou rive me 2026</i>	9
Dyalòg ak kòmantè.....	9

Konklizyon	9
------------------	---

Jeneral

Misyon Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS) se asire chak elèv gradye sou wout yon karyè ki bay anpil rekonpans ak sekirite ekonomik alontèm, tou pare pou yo vin yon fòs pozitif pou chanjman. Avèk apeprè yon total 900 000 elèv, NYCPS se pi gwo sistèm lekòl nan peyi a. Fè pwomosyon pou siksè elèv egzije kolaborasyon nan tout divizyon andedan ajans ak biwo yo pou sipòte plis pase 1 800 lekòl ak pwogram. Akòz divès bezwen popilasyon elèv NYCPS yo, li kreye yon rezo estrikti ak sistèm global pou sipòte tout elèv, ladan elèv ki gen andikap.

Plan aksesibilite ak rapò pwogrè

Dapre lwa lokal 12 Vil Nouyòk ane 2023, nan chita pale avèk Biwo Majistra a pou moun ki gen andikap (Mayor's Office for People with Disabilities, MOPD), NYCPS te kreye yon plan aksesibilite senk ane pou 2024-2028, ke yo te pibliye an mas 2024. An konfòmite avèk lwa lokal 12 ane 2023 Vil Nouyòk la, rapò sa a se premye rapò pwogrè anyèl NYCPS. Pandan ane pase a, NYCPS te fè gwo pa nan ranfòse aksesibilite, tankou pwojè ki ankou pou amelyore kominikasyon fizik, dijital, nan pwogramasyon ak efikas pou moun ki gen andikap. NYCPS rete angaje pou elaji aksè ak enklizyon moun ki gen andikap nan ane k ap vini yo.

Se Biwo Planifikasyon pou Aksesibilite (Office of Accessibility Planning, OAP) ki responsab pou prepare rapò pwogrè sa a dapre Lwa lokal Vil Nouyòk 2023 a.

Deklarasyon angajman

NYCPS angaje pou asire pwogram, sèvis, ak aktivite li yo gen aksè pou chèn woulant pou elèv, estaf, manm kominote lekòl la ak manm fanmi. Anplis, NYCPS ap lite pou kreye yon pwosesis transparan pou moun konprann aksè pou chèn woulant nan lekòl ak bilding li yo ak pou mande akomodasyon ki rezonab.

Fasilite sèvis andikap ak lòt enfòmasyon enpòtan sou aksè pou chèz woulant

- Fasilite sèvis andikap Thomas Taratko, Egzekitif anchèf Space Management
131 Livingston Street, Sal 209, Brooklyn, NY 11201
Nimewo telefòn: (718) 935-2959
Imèl: accessibility@schools.nyc.gov
- Pou jwenn enfòmasyon sou aksè pou chèz woulant nan bilding, tanpri ale sou:
[Aksè pou chèz woulant nan bilding](#)
- Pou jwenn enfòmasyon sou regleman ak pwosedi antidiskriminasyon NYCPS pou pote plent kont diskriminasyon entèn, tanpri, gade:
[Règleman ak pwosedi antidiskriminasyon pou pote plent kont diskriminasyon entèn](#)

Pwosesis pou fè kòmantè

Ou ka fè kòmantè sou plan aksè pou chèz woulant senk ane NYCPS pou ane 2024-2028 la ak pou rapò pwogrè sa a.

Tanpri imel LocalLaw12@schools.nyc.gov pou pataje nenpòt kòmantè.

Aksè fizik

Avansman konstriksyon batiman fè pati entegral angajman NYCPS pou kontinye ranfòse aksè pou chèz woulant nan tout bilding li yo. Plan envestisman NYCPS pou ane fiskal 2025-2029 la mete \$800 milyon dola pou pwojè envestisman nan aksè pou chèz woulant. Envestisman sa a demontre angaj aktyèl NYCPS pou amelyore aksè pou chèz woulant nan bilding lekòl pou sipòte divès bezwen elèv, estaf ak vizitè li yo.

Pwogrè depi avril 2024

- Nan kolaborasyon avèk òganizasyon k ap defann moun ki gen andikap, NYCPS tabli objektif konstriksyon bilding sa yo pou plan envestisman 2025-2029 la:
 - Chwa plan envestisman an prevwa asire pousantaj bilding prensipal ki gen aksè total pou chèz woulant nan tout distri

lekòl yo pral ogmante soti nan 33% pou rive nan 40% lè yo fini.

- Chwa plan investisman an prevwa asire 75% bilding lekòl distri 75 pral gen aksè total oswa aksè limite pou chèz woulant epi pou 50% bilding lekòl distri 75 pral gen aksè total pou chèz woulant nan chak distri lekòl lè yo fini.
- Sou-komite pou aksè pou chèz woulant (Accessibility Sub-Committee, ASC), kòm sipò pou de objektif pi wo yo pou plan investisman 2025-2029 la, te chwazi sis pwojè pou fè bilding ki pa gen aksè pou chèz woulant yo chanje an bilding ki gen aksè total pou chèz woulant ak twa pwojè pou fè bilding ki gen aksè limite pou chèz woulant yo chanje an bilding ki gen aksè total pou chèz woulant.
- OAP te fè sondaj bilding ki montre plis pase 200 pwofil aksè pou chèz woulant nan bilding (building accessibility profiles, BAP), ladan apeprè 50 lokal BAP ki pa lokal prensipal (tankou anèks oswa salklas bilding tanporè).

Objektif pou rive me 2026

- Nan kolaborasyon avèk ASC, NYCPS pral apwouve lòt pwojè pou mete omwen 50% lajan total pou plan investisman 2025-2029 la pou aksè pou chèz woulant nan bilding.
- OAP pral fè sondaj BAP pou apeprè 50% bilding ki pa gen aksè pou chèz woulant nan tout distri lekòl. Efò pou amelyorasyon alavni pral baze sou sondaj BAP sa yo.

Aksè dijital

NYCPS angaje pou asire moun ki gen andikap gen aksè nan kontni dijital li yo epi l ap kontinye amelyore eksperyans itilizatè a pou tout moun lè yo aplike nòm pou aksè ki enpòtan yo.

Pwogrè depi avril 2024

- NYCPS te asire avèk siksè tout editè prensipal sitwèb NYCPS (schools.nyc.gov ak infohub.nyced.org) pran trening dijital obligatwa sou aksè pou chèz woulant lan avan yo gen aksè pou mete konti ajou.

- NYCPS te tabli yon nouvo pòs espesyalis pou aksesibilite dijital (Digital Accessibility Specialist) pou sipòte konfòmite nan aksesibilite kominikasyon piblik, ladan resous ki la pou fanmi.
- An jiyè 2024, Divizyon teknoloji pedagojik ak enfòmasyon (Division of Instructional and Information Technology, DIIT) te pibliye yon gid dijital (Gid devlopman aksesibilite) pou ede moun k ap devlope lojisyèl nan NYCPS nan kodaj lojisyèl ki aksesib.
- DIIT te kolabore avèk MOPD pou ofri itilizatè tèks aksesibilite pou bon jan plafòm NYCPS.

Objektif pou rive me 2026

- DIIT pral ranfòse aksesibilite dijital lè yo sipòte moun k ap devlope lojisyèl lè yo kreye ak lanse yon seri kou trening sou aksesibilite sou enènèt, suiv pwogrè ak ofri sipò aprantisaj.
- Pou ranfòse plis efò aksesibilite dijital, DIIT pral rafine demand pou kondisyon pwopozisyon lè yo klarifye atant konsènan aksè dijital ak egzije pou tout moun k ap devlope lojisyèl pou vann pran trening sou aksesibilite.

Aksè pwogramasyon

NYCPS travay di pou redui obstak ak ofri resous esansyèl pou tout elèv, ladan elèv ki gen andikap, pou patisipe nan pwogram edikasyon yo.

Pwogrè depi avril 2024

- An jen 2024, NYCPS te kreye Divizyon Aprantisaj Enklizif ak Aksesib (Division of Inclusive and Accessible Learning, DIAL), ki asire elèv k ap aprann nan plizyè lang, elèv ki gen andikap ak fanmi yo gen aksè nan enstriksyon, aprantisaj ak kominote lekòl konplè.
- Pou selebre idantite elèv ki gen andikap ak sipòte yon kilti apatenans ak kominote, DIAL te kreye InclusiveSchoolsNYC, yon inisyativ ki aktif nan plis pase 90 lekòl nan tout vil la ki ofri aktivite kominotè, pwogram, resous ak klib elèv ap dirije.
- An avril 2025, DIAL te lanse Somè elèv pou edikasyon enklizif (Inclusive Education Student Summit) yon aktivite anyèl ki reyini elèv ki gen andikap ak elèv ki pa gen andikap ansanm pou pran nouvo

opinyon sou dwa sou andikap, apwofondi refleksyon sou aksesibilite ak kreye chanjman pozitif atravè aktivis pratik. Pandan aktivite sa a, lidè ak pwofesè konseye NYCPS te reyini pou kreye plandaksyon ki gen objektif pou devlope kominote lekòl ki aksesib ak enklizif.

- Atravè afilyasyon li avèk Office of Student Pathways, DIAL ofri trening endividyèl ak antigwoup pou entstriktè nan pwogram Edikasyon pwofesyonèl ak teknik (Career and Technical Education, CTE) pou ede yo nan ofri sipò ki fèt pou elèv lekòl segondè ki gen andikap k ap patisipe nan pwogram sa yo.
- Pou amelyore opòtinite karyè pou elèv ki gen andikap lè nou ekipe yo ak konpetans yo ka transfere, NYCPS elaji opòtinite aprantisaj ki baze sou travay ak opòtinite estaj pou elèv ki gen andikap, lè yo ofri yo sipò endividyl ak anviwònman travay ki fèt pou ogmante patisipasyon nan de pwogram aprantisaj ki konekte avèk karyè. Elèv k ap patisipe nan Career Readiness and Modern Youth Apprenticeship (yon pwogram aprantisaj ki dire de a twa mwa, ki vini apre kou preparasyon anpwofondè pou karyè pou elèv) ak FutureReadyNYC (yon inisyativ sou plizyè ane yo devlope nan afilyasyon avèk Komite pou djòb Vil Nouyòk ak CareerWise New York) yo ofri yo trening ak eksperyans travay pou devlope plis konpetans ak entegrasyon nan domèn karyè yo vle a.
- OAP te lanse yon fòm demand pou akomodasyon dijital ki rezonab sou sitwèb NYCPS, ki pèmèt elèv, fanmi ak manm piblik la pou voye demand sou entènèt pou akomodasyon ki gen rapò avèk aksè bilding lekòl ak nan aktivite piblik.
- Pou sipòte pi byen elèv ki gen bezwen pou aksè nan chèz woulant, Biwo sante nan lekòl (Office of School Health, OSH) te lanse yon nouvo aplikasyon sitwèb (ki rele Student Accommodation System) ki pèmèt lekòl kòmanse demand plan seksyon 504, suiv pwosesis ak pwosedi ak redije ak finalize plan seksyon 504 pou elèv NYCPS.
- NYCPS te ranfòse de aplikasyon sitwèb (aplikasyon pou akomodasyon ete ak tablo pou aktivite aprelekòl ak aktivite ki pa fè pati kourikoulòm (Summer Accommodation application and the After School and Extracurricular Dashboard) pou fasilite pwosesis li a pou mande sipò parapwofesyonèl ak swen enfimye pou elèv ki gen

andikap k ap patisipe nan aktivite anplis andyò kourikoulòm lan, ladan pwogram aprelekòl nan lekòl ak nan Summer Rising.

Objektif pou rive me 2026

- Pou pwochen aktivite Inclusive Education Student Summit k ap fèt ane k ap vini an, objektif DIAL se prèske double kantite elèv k ap enskri.
- DIAL prevwa ogmante dimansyon inisyativ InclusiveSchoolsNYC li a lè li ofri lòt pwogram ak klib elèv pou elèv NYCPS ki nan lekòl presegondè ak segondè.
- Objektif NYCPS se ogmante pousantaj patisipasyon elèv ki gen andikap nan pwogram Career Readiness and Modern Youth Apprenticeship ak FutureReadyNYC.

Kominikasyon efikas

NYCPS sipòte kominikasyon efikas pou moun ki gen pwoblèm pou tandè, wè oswa pale lè yo ofri ekipman teknoloji sipò ak sèvis pou sipòte kominikasyon avèk pwofesè ak kamarad, fè travay lekòl ak patisipasyon nan pwogram ak aktivite lekòl. Anplis, NYCPS tabli regleman, gid ak pwogram trening ki ranfòse motivasyon aksesiblite pami estaf ak ranfòse pratik kominikasyon ki pran ankonsiderasyon andikap.

Pwogrè depi avril 2024

- DIIT te fè twa gwo sesyon trening pou moun k ap devlope lojisyèl ak moun k ap vann lojisyèl sou konfòmite nan sitwèb ki aksesib.
- Pou pwogrese nan enklizyon ak motivasyon pou andikap atravè pouvwa fim, NYCPS te fòme yon afilyasyon avèk ReelAbilities Film Festival, ki se pi gwo festival nan Etazini ki la pou fè pwomosyon pou motivasyon ak apresyasyon vi, istwa ak ekspresyon atistik moun ki gen andikap. Kolaborasyon sa a la pou entegre kontni ki gen rapò avèk andikap nan eksperyans akademik elèv nan tout nivo klas (Kindergarten rive 12yèm ane). Atravè afilyasyon sa a, chak edikatè NYCPS pral gen aksè san limit nan yon seri fim moun ki gen andikap kreye epi ki kreye pou yo.
- NYCPS te devlope komite kominikasyon pou sipòte elèv ki nan pwogram AIMS, yon pwogram edikasyon espesyal pou debitan pou

elèv ki gen otis ki gen bezwen sipò entansif nan domèn ki gen rapò avèk preparasyon, langaj, komunikasyon, aktivite chak jou ak konpòtman elèv. Nan yon pwojè pilòt, yo te enstale tablo komunikasyon pèsonalize nan senk bilding lekòl vil la, ki reprezante lèt, nonb ak ikòn ki espesifik pou pwogram, avèk etikèt ki koresponn kòm yon gid pou fasilite komunikasyon ant elèv AIMS, kamarad yo ak manm estaf.

- NYCPS te bay lekòl aksè nan Read&Write, yon zouti aksesiblite ki konpatib avèk tout platfòm dijital ki gen ladan divès fonksyon tankou langaj an tèks, tèks an langaj (speech-to-text, text-to-speech) prediksyon mo, diksyonè vizyèl ak tradiksyon nan plis pase 90 lang.

Objektif pou rive me 2026

- Ekip santral teknoloji sipò (Central Assistive Technology Team) a pral fè pwomosyon pou sansibilasyon ak gwo itilizasyon teknoloji Read&Write atravè divès kanal tankou sesyon enfòmasyon ak modil trening.

Enklizyon nan plas travay

Pwogrè depi avril 2024

- Pandan ete 2024, Divizyon resous Imèn (Division of Human Resources) te lanse yon bilten nouvèl chak mwa pou tout anplwaye. Pou ankouraje pi gwo motivasyon ak sipò pou aksesiblite nan plas travay, Biwo pou Akomodasyon akòz Andikap (Office of Disability Accommodations (ODA) te asire piblikasyon septanm 2024 la te enfòme tout anplwaye sou pwosesis akomodasyon an tankou kòman anplwaye ka mande akomodasyon. Bilten nouvèl chak mwa a te pibliye tou mizajou konsènan akomodasyon ki konsène Lwa sou ekite pou travayè ki ansent (Pregnant Workers Fairness Act, PWFA).
- Atravè patisipasyon I nan pwogram Afilyasyon pou estaj enkliizif (Partnership for Inclusive Internships, PII), ki se yon afilyasyon ki jwenn lajan don, prive-piblik ant AHRC New York City ak ajans gouvènman Vil Nouyòk ak Eta a k ap chèche anplwa pou moun ki gen andikap atravè estaj nan gouvènman Vil Nouyòk, NYCPS te resevwa nèf estajyè PII, kote yo te anplwaye yonn ladan yo kòm yon anplwaye aplen tan.

Objektif pou rive me 2026

- ODA pral kontinye pibliye avi pou akomodasyon jeneral pou anplwaye chak dezan, ansanm ak nenpòt mizajou, pou asire kominikasyon konsistan ak defans aktyèl dwa moun pou aksesibilite.
- Pou montre plizyè mizajou nan lwa ak pwosesis ki aplikab, ODA prevwa pibliye yon memorandòm pèsonèl ki ajou konsènan akomodasyon, tankou nouvo regleman konsènan PWFA.
- NYCPS gen entansyon ogmante patisipasyon l nan pwogram PII la lè yo resevwa plis estajye.

Dyalòg ak kòmantè

Avan piblikasyon plan aksesibilite senk ane pou 2024-2028 la, yo te pibliye yon premye pwopozisyon plan sou sitwèb NYCPS la an desanm 2023, ki te envite piblik la pou fè kòmantè. Anplis, MOPD te afiche pwopozisyon plan an ak yon avi opòtinite pou fè kòmantè sou sitwèb Plan pou aksesibilite ajans Vil Nouyòk (New York City Agency Accessibility Plans).

NYCPS kolabore yon fason aktif avèk òganizasyon k ap defann dwa moun ki gen andikap pou devlope objektif ak regleman planifikasyon pou bilding pou sipòte moun ki gen andikap. Ajans lan kontinye fè reyinyon avèk òganizasyon sa yo, pou asire kòmantè valab yo fè yo ranfòse plan ajans yo.

Konklizyon

NYCPS p ap ebranle nan angajman l pou fè pwogram, sèvis ak aktivite li yo aksesib pou estaf, elèv, fanmi ak manm kominote. Rapò pwogrè sa a demontre NYCPS ap pwogrese nan yon gwo pwosesis pou sipòte moun ki gen andikap, lè li kontinye elimine difikilte pou gen aksè nan bilding ak lè li ankouraje yon anviwònman enklizif.